**दिन—बुधवार** **दिनांक—21.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राज्यक दू राज्यसभा सीटक लेल भऽ रहल उपचुनावक लेल एनडीए के दुनू उम्मीदवार लोकनि अपन नामांकन दाखिल कयलनि अछि। भारतीय जनता पाटीक मनन कुमार मिश्रा आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा के अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ सम्राट चौधरी आ भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल सहित एनडीए के कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। उपचुनावक लेल नामांकन करबाक आई अंतिम दिन छल। काल्हि नामांकन पत्र सभक जांच कयल जायत।

---

कोलकाता मे महिला डॉक्टर के संग दुष्कर्म आ हत्या के विरोध मे राज्यक सरकारी अस्पताल सभ मे रेजिडेंट डॉक्टर सभक हड़ताल आई सेहो जारी अछि। पीएमसीएच, एनएमसीएच, आईजीआईएमएस आ प्रदेशक विभिन्न जिला अस्पताल सभ मे ओपीडी सेवा प्रभावित अछि। एहि सँ मरीज सभ के विशेष दिक्कत भऽ रहल अछि। एम्हर, केन्द्रीय अस्पताल सभ मे डॉक्टर सभक हड़ताल समाप्त भेला सँ लोक सभ के किछु राहत भेटल अछि। पटना एम्स मे आई सँ ओपीडी सेवा सुचारू रूप सँ शुरू कऽ देल गेल अछि।

---

राज्यसरकार मोटर साईकिल के निबंधन शुल्क मे भारी कटौती करबाक निर्णय कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आई भेल राज्य कैबिनेटक बैसक मे मोटर—वाहन नियमाबली मे संशोधन के प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल अछि। कैबिनेट एक आन पैघ निर्णय मे नगर—निगमकर्मी लोकनि के सातम वेतनमान देबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति देलक अछि। आजुक बैसक मे कुल एकतीस प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल।

---

सर्वोच्च न्यायालय के अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति आरक्षण पर विगत दिन देल गेल निर्णय के विरोध मे रिजर्वेशन बचाओ संघर्ष समिति द्वारा आयोजित भारत बंद के आई राज्य मे मिलल–जुलल असरि रहल। बंद समर्थक लोकनि दरभंगा, मुजफ्फरपुर, हाजीपुर, जहानाबाद आ कतेको आन रेलवे स्टेशन सभक रेलवे ट्रैक पर विरोध प्रदर्शन कयलनि। जाहि सँ ट्रेन सेवा के परिचालन प्रभावित भेल। प्रदेशक विभिन्न क्षेत्र मे बंद समर्थक लोकनि द्वारा विरोध मार्च आ सड़क अवरोध कारण यात्री लोकनि के विशेष समस्या भेल। पटना के डाक बंग्ला चौराहा पर पुलिस द्वारा बंद समर्थक सभ के रोकल जयबा पर प्रदर्शनकारी उग्र भऽ गेलाह। प्रदर्शन हिंसक भेला पर पुलिस के लाठीचार्ज करऽ पड़ल। राज्यक भिन्न–भिन्न क्षेत्र सँ सेहो प्रदर्शनकारी आ पुलिसक मध्य हिंसक झड़प के संवाद भेटल अछि।

————————————————————————————

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि अछि जे उच्चतम न्यायालय के निर्णय के विरूद्ध विरोध प्रदर्शन कऽ रहल लोक सभ स्वार्थी छथि। श्री मांझी न्यायालय के आभार प्रकट करैत कहलनि जे आरक्षण मे वर्गीकरणक निर्णय सँ वंचित लोकसभ धरि लाभ पहुँचेबाक मार्ग प्रशस्त होयत।

————————————————————————————

राज्यक उत्तर–पश्चिम क्षेत्र सभक संगहि कतेको पड़ोसी राज्य सभ मे वर्षा के कारण गंगा सहित विभिन्न नदी सभक जलस्तर मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। गंगा नदी के जलस्तर बक्सर, पटना के दीघा घाट आ हाथीदह मे बढ़ि रहल अछि। ओतहि, सोन नदी पटना मनेर मे घाघरा नदी सीवन के गंगपुर सिसवन आ सारण के छपरा मे गंडक नदी गोपालगंज डुमरिया घाट मे उफान पर अछि। बूढ़ी गंडक नदी के जलस्तर खगड़िया मे खतराक निशान सँ लगभग दू मीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। कोसी नदी के जलस्तर सेहो खगड़िया के बलतारा आ कटिहार के कुर्सेला मे खतराक निशान के ऊपर बनल अछि।

————————————————————————————

पटना जिलाक बाढ़ थाना क्षेत्र अंतर्गत पुरईबाग मे नवनिर्मित शौचालय के शटरिंग खोलबाक दरमियान दम घुटि गेला सँ चारि मजदूर के मृत्यु भऽ गेल। बाढ़ एसडीए शुभम कुमार घटानक पुष्टि करैत कहलनि जे घटनाक जांच–पडताल कयल जा रहल अछि।

————————————————————————————

मुंगेर पुलिस हथियार तस्करी गिरोहक एगारह सदस्य के गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। एहि मे एक महिला सेहो सम्मिलित छथि। पुलिस मुफस्सिल थाना क्षेत्र अंतर्गत सीताकुंड डीह के लऽग वाहन जांचक दरमियान एक महिला सहित दू गोटे के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक इमरान मसूद जनौलनि जे आगाँ के पूछताछ मे भेटल जनतबक आधार पर पुलिस बरियारपुर थाना क्षेत्रक काजीपुर गाम सँ गिरोहक सरगना सहित नओ आन गोटे के गिरफ्तार कयलक अछि। ओ जनौलनि जे एहि दरमियान भारी मात्रा मे हथियार, अर्धनिर्मित हथियार आ हथियार बनेबाक समान बरामद कयल गेल। पुलिस अधीक्षक कहलनि जे एहि सफल अभियान मे सम्मिलित पुलिसकर्मी लोकनि के पुरस्कृत कयल जायत।

---

सुपौल जिलाक सरायगढ़ सँ रेलवे स्टेशन सँ देवघर के मध्य चलाओल जा रहल श्रावणी मेला स्पेशल ट्रेन के परिचालन अवधि के बढ़ा कऽ बाईस सितंबार धरि कऽ देल गेल अछि।

मधुबनी जिलाक राजनगर थाना अंतर्गत गोढ़ियारी टोल मे पानि भरल खदहा मे डूबि गेला सँ एक बच्ची के मृत्यु भऽ गेल।

पश्चिम चंपारण के नरकटियागंज मे खाहर नदी पर पुल के जरजर स्थिति के विरूद्ध ग्रामीण लोकनि प्रदर्शन कयलनि। ई पुल नरकटियागंज आ गौनाहा के जोड़ैत अछि।

---

समाप्त